Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 2 (7558)
12 Январь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Шапакъатал кьуна



Дагъистан Республикаялъул лъай кьеялъул министерствалъул 2022 соналъул 22 декабралда бахъараб буюрухъалда рекъон, цIалулгун лъай кьеялъул рахъалъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилазе, рухIиябгун культурияб цебетIей лъималазулъ куцаялъе гIоло ва лъай кьеялда гIемерал саназ лъураб бутIаялъухъ шапакъатал кьуна лъай кьеялъул хIалтIухъаби ГIабдулвагьабова Раисат АхIмадовналъе – Рихьуни гьоркьохъеб гIаммаб лъай кьеялъул школалъул учительницаялъе, ШагIбанов ТIагьир ТIагьировичасе – Шамильхъалаялъул «Лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул» директорасе.

**ХIурматиял Раисат АхIмадовна ва ТIагьир ТIагьирович, баркула нужеда тIаде щвараб ЦIияб 2023 сон, гьарула сахлъи, хIалтIулъ битIккей ва гIемерал рохарал къоял!**

Ришватчилъиялде данде

## Комиссиялъул данделъи



Араб соналъул ахирисел къоязда районалъул бетIерасул ишал тIуралев Хъ-М. ГIабдулхаликъовас тIобитIана коррупциялде данде чIеялда бухьараб, 2022 соналда ахирисеб заседание. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел, общественнияб Палатаялъул председатель, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель ва цогидалги.

Данделъиялда гIенеккана коррупциялда данде чIеялда хурхун гьарурал хIалтIабазул х1акъалъулъ комиссиялъул членазул докладазухъ ва хадубккунги гьаризе ругел хIалтIабазда хурхун иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

Заседаниялъул ахиралда Хъ-М. ГIабдулхаликъовас тIадегIанаб къимат кьуна комиссиялъ гьабураб хIалтIуе ва хьул букIин загьир гьабуна хадубккунги жеги лъикI хIалтIизе рукIиналда.

## С Днем работника прокуратуры

Уважаемые сотрудники и служащие прокуратуры района!

От имени администрации района, жителей муниципалитета, районного Собрания депутатов, Общественной Палаты и от себя лично поздравляю Вас с вашим профессиональным праздником! Российская прокуратура – это надежная опора нашей государственности. Компетентность, глубокая порядочность, верность долгу – вот те качества, которые вам присущи. Вы стоите на защите правопорядка и законности. Ваш тяжелый, ответственный труд делает мир чище и добрее. Благодаря вам, наши дети спокойно играют во дворе, а мы выходим из дома с улыбкой. Желаем вам позитива, сил, энергии, бодрости, благополучия и блестящих успехов! Пусть все ваши начинания будут успешными! Пусть каждый ваш день сопровождается приятными событиями и вся жизнь будет наполнена светом. Здоровья вам, вашим близким и родным!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов**

Украина: спецоперация

## Дагъистан нужгун буго!

Дагъистаналъул Правительствалъул Председатель ГI-М. ГIабдулмуслимовас хIалтIулаб сапарги гьабун, Луганскиялъул Халкъияб Республикаялъул I36 мотострелковияб бригадаялъул рагъулал хъулухъчагIазе -«Ахмат» спецназалъул подразделениялъе кьуна гуманитарияб кумекалъул къайи. Гьелда гьоркьор рукIана дараби, медикаментал, кьижулел мешкал, термобельё, аскарияб ретIелхьит, хасалил ретIел ва хьитал, газовиял грелкаби, рацIцIалъи цIуниялъул алатал, термосал, кванил батIи-батIиял продуктаби, гьелдаго цадахъ I200 банка гьанал консервал, цогидалги хIажатал жал. Гьединго ГI. ГIабдулмуслимовас рагъухъабигун гара-чIварулаго гьезда бицана РДялъул БетIер С. Меликовасул рахъалдасан салам, гара-чIвари ккана гIемерал кIвар бугел суалаздасан.

ТIадеги Правительствалъул Председателас I36 мотострелковияб бригадаялъухъе кьуна I4 квадрокоперalъул сертификат. Гьенив кIалъалаго бихьизабуна «Нужеда лъазе ккола нижеда нуж кIочон гьечIолъи, ниж кидаго нужер ургъалида руго, ай ниж нужгун руго. МагIарулазда рекъараб хIалалда ниж рачIана нужехъе. Дун вохарав вуго Верховный главнокомандующияс цере лъурал масъалаби



хIалбихьи бугел генералал Эседулла Абачевгун ва Алти Аллаудиновгун нужеца ракI-ракIалъ тIуралилан. Аллагьас гьаб нилъеда бихьизе хъван букIун буго. Амма нилъги Чачан халкъги вацал руго, гьеллъун хутIизеги ккола.



Нижер сапаралъул аслияб масъала буго щиб кумек нижер нужее гьабун бажарулебали балагьи, ниж рокъор руго нуж рагъулъ руго»,-ян бихьизабуна премьерас.

Гьаниб гьечIо миллатдин, нилъ къеркьолел руго тушмангун,-ян абун гьелъие жаваб гьабуна рагъухъабаз.

Гьенибго ГI. ГIабдулмуслимовас рагъухъабазухъе кьуна Дагъистаналъул лъималазул гьезухъе хъварал кагътал. Гьединго «Ахмат» спецназалъул командир, Россиялъул БахIарчи А. Аллаудиновас киназего цIалана МахIачхъалаялъул № 50 школалъул 4 классалъул цIалдохъан Залина ГIадулмуслимовалъул кагъат: «Хирияв солдат! Дица ракI-ракIалъ гьарула Дуе бергьенлъи! ТIад вусса чIаго ва сахго. Духъ ралагьун руго гIагарал! ЦIуне мунго!»,-ян хъван бугоан гьелда.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 2 (7557)
Хамиз
12 Январь 2023 сон



Гъал къоязда Дагъистаналъул Премьер А. Абулмуслимов дандчIвана регионалъул ЗахIматалъул Министерствалъул коллективгун. Баркана гъезда тIаде щвараб ЦIияб сон, гъарана баракатаб ва гIодобе биччараб гIумро.

Коллективалда цеве кIалъалаго А. Абулмуслимовас бихьизабуна: «Нужеца рихьизарулел руго батIи-батIиял социалиял выплатаби-пособиял кьезе. Гьеб ишалъе рехун буго 40 млрд. цIикIкIараб гIарац. Гьелъ гIезегIанго кумек-кверчIвай гьабизе рес буго захIматаб х1алалда ругел дагъистаниязул хъизиназе,-абун.

Тарбия кьеялъе – мисал

# Чилъи цIунарасул цIар кIочонаро

## Очерк



**Араб соналъул ахирисел къоязда жиндирго гIумроялъул 80 сон тIубай кIодо гьабуна Унсоколо росулъа захIматалъул ветеран, гIумроялдехун битIараб бербалагьи бугев гIолилазул насихIатчи ва жамагIатчи МухIамадхIажи МухIамадовас. Гьес тIолабго гIумро бухьинабуна гIолеб гIел дунялалдехун битIараб бербалагьи гьабизе куцаялде, гьелдаго цадахъ гьезулъ захIматалде рокьи бижизабиялдегун махщел цIубазабиялде. Районалъул коммуналияб магIишаталъул от-делалда хIалтIулагоги гьес районалъул росабалъ санагIалъаби г1уц1иялъе бажарарабщинаб гьабуна. Жакъа нижеца гьоркьехун кьолел руго М-ХI. МухIамадовасул гIумро тIамиялъул цо-цо мисалал. ГIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул низамал цIакъго чучлъараб гьаб заманалда чIахIиязул мисалалъ кьолеб хIасил газета цIалулезда ракIалде щвеялъе квербакъи гьабилин гьелъ,-ян абураб мурадалда.**

ГIалимзабаз бихьизабухъе бищунго лъикIал махщелазул цояб ккола жиндирго мисалалдалъун гIолеб гIелалъе тарбия кьей ва гIадамазе лъикIлъи кьолел хIалтIаби гьари. Гьединаб рахъ тIаса бищараб гIумроялъул нух нахъа тана тIадехун бицен гьабурав жамагIатчи М-ХI. МухIамадовас. Советияб Армиялда командованиялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал рукъалъул агълуялъухъе рачIунедухъ хъулухъ гьабуна гьес, гьениса тIад вусун хадув хIалтIизе лъугьана цин художественнияб фабрикаялде гьелдаса хадув Унсоколо гьоркьохъеб школалда захIматалъул дарсал кьолев учительлъун ва мастерскаялъул завлъун.

ГьитIинавго гIолилав вугониги МухIамадхIажиясда бажарана лъималазул рекIелъе нух батизе. ГIицIго батIи-батIиял махщелазде гIолеб гIел ругьун гьари гуребги ишан тIад кьабун тIагIелал гьариялде, автомашинаби рачине махщел бижизабиялде, батIи-батIиял технический тIагIелал ургъиялде, цогидалги лъималаз тIаса рищарал махщелазде гьел ругьун гьари гIадал рахъазде кIвар кьолаан гьес. ГIолеб гIел абуни хехго ругьунлъулаан гьединал махщелазде.

Жиндир мунагьал чураяв ГIабдулзагьир МухIамадовасги МухIамадхIажиясги I968-I975 сонazда гIемерал технические тIагIелаби гьаруна цIалдохъабазгун цадахъ. Гьелгун цIалдохъабиги гIахьаллъулаан Дагъистаналъул ва ТIолгороссиялъулго школлъималазул къецазда. Гьенир ккурал тIадегIанал бакIазда рекъон рачIарал грамотаби, Баркалаялъул кагътал дагьал гьечIо гьесул нахъе цIунун.

ГьедигIанго техника цебетIечIеб доб заманалда М-ХI. МухIамадовас гьоркьохъеб школалда бачунеб букIараб кружокалъул лъималазул тIагIелаз район гуребги МахIачхъалаялда ва РСФСРалъул халгьариязда гIадамал хIайран гьарулел рукIана. Материал хъвалаго дида ракIалде щвана дунго 7 классалда цIалулеб заман. Гьеб букIана физикаялъул дарс. Классалде лъугьун рачIана учитель ГI-З. МухIамадовги технический кружокалъул руководитель М-ХI. МухIамадовги. Гьез столалда тIад лъуна борхалъи 40 см. ва гIебльи 30 бугеб лак бахун къачIараб берцинаб цо тIагIел. М-З МухIамадовас гьурмада гьимигун нижеда лъазабуна; гьаб бугин цIалдохъабаз гьабураб лъай борцунеб аппарат, гьелъ лъезе ругин нужее жакъа къиматал,-абун. Учителас байбихьана фронталияб опрос гьабизе. Дунги яхъана цогидалго гIадин дарс бицине. Приборалъул экраналда дие къимат бачIана «4» абун.

Щай «4»,- ян дица абидал «Алда лъала, темаялъухъ ялагье»,-ян абуна ГI. МухIамадовичас. ХIакъикъаталда бикьун кьураб темаялъул дирго бутIаялда дица цо кIвар бугеб бакI гьоркьоб биччан бугоан.

Гьединал тIагIелал гIемер гьаруна М-ХI. МухIамадовасул техкружокалъ ва батIи-батIиял къецазда щибаб нухалъ бергьенлъаби росулаан гьез.

Гьелдаса хадуб гIолел гIелалдехун бичIчIи бугеб бербалагьи гьабулев М-ХI. МухIамадов витIана гьоркьохъел школалда цебе бугеб интернаталде росабалъа рачIарал лъималазул воспитательлъун. Гьезие гьев вукIана гьудуллъунги рукъалъул чилъунги. I975 соналдайин абуни гьев тIамуна Унсоколо районалъул пионеразул Рукъалъул директорлъун. Гьениргилъимал рокьулев, гьел куцазе махщел бугев М-ХI. МухIамадовасул гIолеб гIелалда гьоркьоб лъугьана гIемерал гьудулзаби, бижана цоцадехун лъикIаб гьоркьоблъи, гьелъул хIасилалда республика бахун къватIибехунги цIар рагIарал щвана пионеразул Рукъалъе бергьенлъаби.

М-ХI. МухIамадовасул тIадаб хIалтIудехун бугеб жавабчилъиги ракIбацIцIалъиги бихьичIого хутIичIо районалъул нухмалъиялда. Пионеразул Рукъалъул директорлъиялдасан гьев ахIула районалъул ОКХялъул завлъун хIалтIизе. Гьенибги райцентргун росабалъ х1асил кьолел х1алт1аби гьарулаан гьел берцин гьариялда хурхун.

I990 соналда районалда гIуцIула ОКХялъул бакIалда ЖКХ ва гьелъул тIадал ишал тIуразаризе тIадкъана М-ХI. МухIамадовасда. Доб заманалда ЖКХялъул хIалтIул цIикIкIарисеб рахъ бараб букIана республикаялъул ЖКХялда, гьенисан тIалаб гьаризе кколаан хIажатабщинаб. ЖКХялъул хIалтIуда хурхун тIад калам гьечIел лъикIал хIасилал рукIана гьел санazда районалъул.

Киса-кибего улкаялда тIибитIараб 90 санazул хаслъи хъатIана МухIамадхIажиясдаги. Гъачагълъи, бихха-хвай бугел санazда гьесул захIматалде рагIад рехизабулел гIадамал ккана ЖКХялде ва хIалтIи тезе ккана гьес...

Сунцаниги ва киданиги сурукъ гьабуларо ракI-ра кIалъ хIасил кьезелъун гьабураб хIалтIи. Кивехун хIалтIаниги намусалдалъун тIубалаан гьес тIадаб хIалтIи. Заманаялъул хаслъабаз ракI лъукъаниги жиндирго чилъиги гIаданлъиги рехич1о гьес.

ХIалтIул санazда М-ХI. МухIамадовасе щвана «За достигнутые успехи в развитии народного хозяйства»,-абураб СССРалъул ВДНХялъул кIиго бронзалъулал медалал, РДялъул лъай кьеялъул министерствалъул ва районалъул нухмалъиялъул рикIкIен гIемерал Грамотаби, Дипломал, Баркалаялъул кагътал, СССРалъул «Ветеран труда» абураб медаль ва цогидабги.

ГIумруялъул магIна бичIчIарав захIматалъул ветеранасул хасал, жиндиего хасиятал къагIидаби руго хъизаналда ругел гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе. Гьесул лъабго лъималазул руго ичIго лъималазул лъимал. КигIанго техникияб цебетIеялъул заман бугониги МухIамадхIажияс гьел цIала ракьалъул, боцIуда хурхараб квервзул захIмат бокьиялде. Жиндирго квералъ чIараб, гIезабураб ахикье ахIула гьес лъималгун гIагаргълъи хIалтIизеги хIалхьи гьабизеги. Гьев вуго лъикIаб сахлъиялда, тIад чIола диналда. ГIицIго жиндирго лъималрукъалда бухьинабун гIумругун чIоларо гьев. Кумек гьабула тIолабго гIагарлъиялъул рукъзал ралаго, магIишатиял хIалтIабаздаги. Бесдал хутIарал лъималазухъе ваккун рохизарула гьел, абула кумек хIажалъани жиндихъе рачIа,-ян.

КIудияб хIурмат гьабула МухIамадхIажиясул росабалъ ругел гьалбадерицаги. Гьезул захIмалъабаздегицин квер щолаан цебе гьесул. Кумек гьабизе рес гьечIеб жакъасеб къоялъ жиндирго ахикье пихъ босизе ахIунги рехун толаро гьалбал, кидаго вукIуна гьезулгун бухьеналда, кьола садакъаби гьезул хIажалъабиги цIехон.

«Гьабизе лъарасе квас, квине лъарасе нах»,-ян аби буго магIарулазул. МухIамадхIажияс дунялалда гIумро гьабуна киналго сверухъ ругезе лъикIлъиги гьабун, ккаралъуб гIакълуги кьун, дунялги ахиратги жиндиего щоледухъ.

Чилъиги гIаданлъиги цIунулев киназего вокьула. Гьеб рахъалъ кинаб букIаниги мукъсанлъи лъидаго бихьичIо МухIамадхIажиясул. Кидаго вукIуна гьев захIмалъи-кваралиги ккаразда аскIов, барахщуларо гьезие гьабулеб кумекалда.




У, чIаго хутIаразда бихьула херлъиги унтиги. Амма нахъа тараб нух халкьалъе пайдаяб, чороклъи хъвачIеб бугони, бигьаго букIуна херлъи регIизе, камуларо лъикIлъиялъухъ лъикIлъи гьабулел. Гьединасул дагьал рукIуна рекIее гIакъуба кьолел унтул захIмалъаби, ругониги гьел рикьула сверухъ ругел гIага-божараз. Жиндего гIадамазе гьарурал лъикIлъабаз жиндехунго гьезул хIурмат-адаб бижизабураб буго Унсоколоса М-ХI. МухIамадовасул г1умруялъул нух. Гьединин ирсилаз гьесда абулеб «КIудияв эмен гуро, месед вуго»,-ян.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Тарих

# ГIашилтIаса КъурбангIали

БахIарчияб гIумроялъул, гIажаибаб къисматалъул гIадамаздалъун бечедаб букIана нилъер Дагъистан. Гьединазул цояв ккола ГIашилтIаса КъурбангIалиги.

АхIулгохIда рагъ унеб заманалда КъурбангIали вукIун вуго 11 сон барав чи. ГохIда гьекъолеб лъадал нахърател лъугIараб медалда, лъим тIаде бахъизе, кваридаги рухьун гIурухъе риччалел рукIун руго гIолохъаби. Цо къоялъ гьедин вегьулев вукIун вуго КъурбангIалиги. Гьеб мехалъ Шамил имамас абун буго гьев вас гIурухъе вегьугейилан, гьев нахъа гIадамазе къваригIине вугилан. КъурбангIалил бакIалда гIурухъе вегьун вуго Исуб абулев гIолохъанчи.

Гьелдаса хадуб Чачаналдеги ун, I3 соналдасан нахъеги ГIашилтIе щвейгун Шамилица цIехон буго КъурбангIали кив вугеван, ахIун вуго годекIаниве, гьикъун буго щиб гьабулев мун вугеван. КъурбангIалица жаваб кьун буго жинца босун бугин чуги ярагъги ва бодулъеги хьван вугилан. Гьеб мехалда имамас гьесда абун буго чуги биче, ярагъги биче, цIалиялде вусса, умумузул гIелму кибе рехизехъин мун вугевилан.

Цо нохъодеги ун, гьениса къватIиве вахъинаредухъ тIаса тIажуги бахъун, гьенив цIалдолаго собон, тIаде нацIги бан ватун, гIурцIмидаги къан нахъе вачун вугила гьев нохъодаса. Бицуна гьесда сиррурабанги лъалаанин ва гьесухъ караматлъиги букIанин. Лъади Шамай эбелалъ КъурбангIалида абун бугила тIохьоде валагьи гурони, щибниги кумек гьабуларин дуца жиндие,-ян. ГьебсагIаталда гьес цо хIикмалъиги бихьизабун лъади гIенеккун чIезаюнила.

КъурбангIалил букIун буго гIумруялда, гIадамазда рекъезеги гьабун шаргIияб хIукму къотIизе цIикIкIараб гьунар. Бицен-кицияда рекъон, ГIарабустаналдасагицин гьесухъе бачIунеб букIун буго къотIизе кIвечIеб хIукму.

Цо чиясул бикъун ун буго кIиго оц. ЩIогьал тIатинаричIого гьоркье рештIани чIужуялда цIар тIамилин, чодаги рекIун росабалъа росабалъе хьвадулев вукIун вуго гьев ва къасиги къади гьесул кинабго жо чода тIадго букIунаанила. Ахирги оцал кодоре щунгутIиялда ракIчIарав гьев щун вуго ЧIикIаса бергьарав гIалим ХIажиясухъе. Гьес абун буго гьеб ишалъе нух батизе ГIашилтIаса КъурбангIалида гурони кIвезе гьечIилан. Гьеб мехалда ине ккванила гьев ГIашилтIе.

ГIадат букIана ва буго росулъан чода рекIун унареб. ГодекIанив КъурбангIалиги вукIаго, рекIун вачIине вихьанила цояв. КъурбангIалица абунила цо чIухIарав гьобол вачIине вихьулин нилъехъейилан. Гьоболас жаваб кьунила гIайиб гьабугейин, гьелъие гIилла бугилан ва цIехон буго КъурбангIалил рукъ кибехун бугилан. Гьеб мехалъ КъурбангIалица тIадеги вахъун чол квелъ ккун буго ва цеве вилъун вуго. Гьоболас бицун буго гьениве вачIиналъе гIилла. Рокъове щвелалде тIад сверизабун чуги бачун КъурбангIали ун вуго жиндирго мулк бугеб ХIоритIа абулеб бакIалде. Гьениб букIун буго нухде къулараб гIечул гьветI. Гьелда гьоркь чуги чIезабун, гьотIоде вахаян абун буго гьоболасда КъурбангIалица. Гьев гьотIоде вахун вуго ва чуги нахъе бачун, гьоркье вачIаян абун буго. «Мун чодаса рештIинчIо, гьотIодаса рештIана»,-янги абун, рокъове вачун кваназеги гьавун,



нухда регIун вуго гьобол.

КъурбангIали вукIун вуго XIX гIасруя лъул ахиралда Шурагьив диванбеглъун. Шурагьив вугеб мехалъ бусурбанай яс капурчиясе росасе ун йиго ва гьеб сабаблъун чIвай-хъвейги ккезехъин букIун, гьезул магъари лъеян рачIун руго пачаясул кIиго генерал Чавчавадзе ва Иракли. Магъари щоларилан жаваб кьедал, гьез КъурбангIалида гьарун буго маслихIаталъе щиб бугониги гьабеян. Гьеб мехалда КъурбангIалица абун буго: «Чавчавадзел амруялдалъун Ираклил нухалдалъун дица мун гьесие кьуна»,-ян. Гьеб мехалъин БакьагьичIиса ЧIанкIаца хъвараб: «Чавчавадзел калам кепалъе гьабун, кинан бокьаниги кьурун бачанин…»

КъурбангIалил вас ГIабдулагьги вукIун вуго гIалимчи ва гьес тIарикъатги босун букIун буго. КъурбангIалица васасда абун буго духъа гьеб цIунун бажаруларо, тIарикъат босуге,-ян. Абуниги васас гьеб босун букIун буго.

Къадилъун гьенив вугев КъурбангIалиги ГIабдулагьги, чода рекIун эменги, жидеего кваназе хIамида куракул гьагьалги лъун васги Генусан хьерендерил магIарде рахунеб мехалъ хIама хьадарлъун буго. ГIабдулагьица хIамида кьабун буго. КъурбангIалица абун буго: «Накъуш-дваркь дур тIарикъат, дуца гьеб хIамида кьабизе бегьулароан, дур раччи гьелда баччизе кIолеб гьечIо»,-ян. ХIамидаса рахъун чода гьагьалги лъун ун руго гьел. Гьев ГIабдулагьги, Унсоколо росулъ дибирлъун вукIарав чи, репрессиялде ккун Сибиралда хутIана. КъурбангIали хун вуго I900 соналда, хоб буго ГIашилтIа. Гьесул эмен ГIабдулагьги вукIун вуго кIудияв гIалимчи, вукъун вуго Зиранив, буго зиярат. Бицуна гьев чIван вугила гьерекI исламалде ахIизе араб мехалъ,-янги.

Гьесул эмен КъурбангIалида лъун букIана кIудияв инсул цIар. Гьевги вукIун вуго лъикIав гIалим. Гьесул хоб-зиярат Костекалда бугин абула. ЧIанкIал тIехьалда рехсон вуго гьев: «ГIелмуялъул сурал сарусунаго саламищ бачIараб гIахьалчIиясул». Гьесул эмен вукIун вуго ГIахьалчIиса ГIумардибир. Гьевги вукIун вуго цIакъго гIелму бугев чи. Гьесул хIакъалъулъги руго цояс цоясда рицун нилъехъе щварал цоцо баянал. Жиндир мунагьал чураяв Кьохъа СултIанмухIамад-хIажияс дида бицун букIана Магьазиялда бугила гIахьалчIиясул хIакъалъулъ хъвараб жо.

Гъумекив вукIаравила бечедав хан, гьес гьенире ахIун рукIун руго Дагъистаналда ругелщинал гIалимзаби мавлидалъулъе. Оцал хъун, гIиял хъун гьабураб мавлидалдаса хадуб ханас абун буго жиндие гьал мугIрулги, гьутабиги, гьаб кинабго магIишатги щванилан, гьаб хIалалищ яги хIарамищилан. Киназго абун буго дуе гьеб хIалал бугилан. Амма ГIумардибир кIалъан гьечIо. Ханасда лъалеб букIун буго гьев ГIумардибир бергьарав гIалим вукIинги ва гьесда гьикъун буго щай мун кIалъаларевав. ГIумардибирас жаваб кьун буго жив чIун вукIанила ал лъугIизегIан ва дур магIишатги хIарамаб бугилан. Гъумекияс абун буго гьалщинал чагIазда лъалареб жо дуда кисан лъарабилан. ГIумардибирасги гьесие жаваб кьун буго, гьал киназго бицунеб буго дур нодо бакьулъеги ралагьун, дицайин абуни – тIехьалда бугеб жо. Гьеб мехалда гьев ханас рокъовеги вачун ГIумардибирасда абунила гьавгощинав чи вугеб бакIалда цохIо мун гурони ккечIин битIараб жо бицунев чи, жиндаги лъалила аб хIарамаб жо букIин ва гьесие кьунила кьолораб чуги, нахъа къан хулжал цIун меседги. Гьеб чодаги рекIун Гъумекиса ГIахьалчIиве щваравго, росдал рагIалда ватарав вас гьес витIун вуго росдал дибирги вачун гьаниве вачIаян. Гьев тIаде щварав мехалда ГIумардибирица дибарасда абун буго росу рагIалде ахIунилан гIайиб гьабугейин, гьаб кьолораб чуги, хулжал цIураб меседги жиндие щванила битIараб каламалъухъ, чода вахаралдаса нахъе жиндир напсги илбисги дагIбадилеб ругила – хазина рокъоб теян илбисги, тогеян напсги. Гьанже рокъове ани, гьений йигила кIудияй илбис (чIужу), кIиялго тIаделъани, дунго къезе гурилан хIинкъун ахIизе ккани мун гьаниве - росурагIалде. Гьаб чуги, хазинаги росулъ бугеб щибаб рухIалъе бащад гьабун бикье,-ян. Гьеб кинабго дибирасухъеги кьун ГIумардибир ун вуго рокъове. Гьединав вукIанила гьев гIалим.

Машгьурав гIалимчи вукIиналъ КъурбангIалида аскIоре, ГIашилтIа вугеб мехалъго, цIализе мутагIилзаби рачIунел рукIун руго. КъурбангIалида цеве цIалана ЧIанкIаги. Нилъехъе щварал баяназда рекъон КъурбангIали хун вуго I900 соналда. Буго КъурбангIалиде гьабураб ЧIанкIаца хъвараб магIуги. Гьеб нахъе цIунун батана Бекьилъа Жамалудиница. I9I5 соналдаго гьесухъе щвараб назму данде кколеб батана I940 соналда ГIашилтIаса ШугIайнатихъа босаралда.

КъурбангIалил суратална ругел чиналги килисалги руго гIелмуялъул тIасияб рахъ босарав чи хIисабалда ва гьабураб хъулухъалда рекъон пачаяс кьурал. Гьесин абуни кинабго гIелму къабул гьабулеб букIун буго.

**ХIажияв НУРМУХIАМАДОВ**
**ГIашилтIа росу**

Динияб букІон

# Аллагьасул гьалбал

Имамзабазул вагІзабазда нилъеда гІемер рагІула Къиямасеб къоялъ щивав чиясул хІисаб-суал гьабизе бугин абун бицунеб. Бищунго ритІарал цІадирабиги гьеб къоялъ ругин. Цо-цо мехалъ гьеб хабар рагІидал къаркъала гъанцІун, хІинкъун лъугьуна, черхалда бала цІорораб гІетІ. Берзда цебе бачІуна щибаб хІухьелалъул хІисаб кьеялъул захІмалъи.

ЛъагІалил яги кварталалъул хІисаб, гьанир дунялалда рукІаго кьезе ккола. ТІелдаса захІматабги, напсалъе бокьулареб жо цониги букІунебги батиларо хІалтІухъанасе. ХІатта щибго хІилла-рекІкІ гьечІого бугониги цІакъ бокьуларо хІисаб-суал.

Къиямасеб къоялъ захІматаб хІисаб гьабичІого риччалел хасал лагъзалги рукІунел руго БетІергьанасул. РачІаха балагьилин щал гьел ккола ругелали. ТІабараниc ХІусенил вас ГІалидаса бицараб хІадисалда буго: «Къиямасеб къо чІараб заманалда цо ахІулеб гьаракь рагІулила: «Хиралъиялъул агьлу, тІаде бахъа»,-ян. Цинги гІадамазда гьоркьоса рахъунила цо тайпа.

-Нуж Алжаналде а,-ян буюрулила гьезде.



Алжаналде унаго гьезда дандчІвайги гьабулила малаикзабаз.

-Нуж кире?,-ян гьикъулила малаикзабаз.

-Алжаналде,-ян жаваб гьабулила гьезги.

-ХІисаб-суал гьабилалдегойищ?

-У.

-Щал нуж?

-Хиралъиялъул агьлу.

-Щиб хиралъи нужер букІараб?

-Нижеде жагьлу гІунтІизабидал, ай нуж жагьилзабиян рогьо байдал, ниж гьездехун хІалимлъулаан. Нижеда зулму гьабуни, сабру гьабулаан. Нижее квешлъи гьабуни, гьезда тІаса лъугьунаан.

Цинги абула лъугьайин Алжаналде, цІакъ лъикІаб ажру щун бугин гІамал гьабуразе. Жеги рагІула ахІулеб:

-Сабруялъул агьлу тІаде бахъа,-ян.

Гьанжеги рахъуна гІадамазда гьоркьоса цо къокъа.

-Нуж алжаналде а,-ян буюрулила гьездеги.

Алжаналде унаго гьездаги дандчІвай гьабулила малаикзабаз ва добго жо гьикъулила.

-Ниж руго сабруялъул агьлу,-ян жаваб кьолила гьезги.

-Сунда сабру гьабураб нужеца?

-Аллагьасе тІагІат гьабиялда, Гьесде гІассилъичІого чІеялда ва БетІергьанас тІаде риччарал балагьазда.

Малаикзабаз гьездаги абулила лъугьайин алжаналде, цІакъ лъикІаб ажру щун бугин гІамал гьабуразе.

Нахъеги рагІулила гьаракь:

-Аллагьасул мадугьалзаби тІаде рахъа,-ян.

Гьанжеги рахъунила гІадамазда гьоркьоса цоги къокъа, гьел цІакъ дагьалги рукІунила.

-Нуж алжаналде а,-ян буюрулила гьездеги.

Алжаналде унаго гьездаги дандчІвай гьабулила малаикзабаз ва гьикъулила:

-Сундухъ нуж мустахІикъалъарал Аллагьасулгун мадугьаллъиялде?-ян.

-Цоцазухъе зиярат гьабулаан, аскІор гІодорчІеял гІемер гьарулаан ва цоцазе жоги кьолаан гІицІго Аллагьасе гІоло.

Малаикзабаз гьездаги абулила лъугьайин алжаналде, цІакъ лъикІаб ажру щун бугин гІамал гьабуразе,-ян.

Гьалеха, диналъул агьлу, щивав чиясе рес буго хІисаб-суал гьечІого къиямасеб къоялъ алжаналде ине гьал цере рехсарал жал тІуралел ругони.

**ГІабдуллагь МУХІАМАДОВ.**

Пайдаяб малъи

# Кванайдал бетІер щай унтулеб?

1. Кванана, лъикІ гьечІого лъугьана, бетІер унтана, гІилла щиб? Гьениб буго кІиго вариант. Цо бугони цо-цо продуктабаз багьаризабула мигрень. Гьел ккола хІан, шоколад, копченостал, гьекъолел жал. Хал квве кванида хадуб. КІиабизе; бетІер унтизе бегьула цебе кванаялда гьоркьоб цІикІкІараб заман бан бугони. Гьелъ рес буго давление цин гІодобе ккезе, хадуб хехго бахине. ХІасил: цІакъго ракъун ругони бачІинахъего цІикІкІараб жо кваназе речІчІуге, дагьаб жоги кун чІа. Гаммаб къагІидаялъ къойида жаниб 3-4 нухалъ кванаве ккола дагьа-дагьаб квенги бахъун, кванан хадуб лъикІ рукІине ккани.

2. Квандаса хадуб чохьода жаниб лъугьуна «революция». ТІагІамаб квандаса хадуб бакькІачалда жаниб цІикІкІуна газал, гьелъ лъугьинабула диспантериоз, щидал къвачІаялъ квен биинабиялъе хІажатал ферментал кьола ва бакІлъи лъугьуна.

Гьединаб хІал лъугьинчІого букІине десерталъе кванай печенья яги гІеч, гьединго кванай гречкаялъул каша, белъараб чІакІултІан, гьекъе кефир.

3. ЦІикІкІун кванаялъ унти кьезе бегьула хьибилалде яги цоги бакІалде. Гьединаб унти букІуна хроническияб панкреатит бугони, яги цин битІун къватІибе кьолеб гьечІони.

Гьедин лъугьунеб бугони кванaзе лъикІаб гьечІо кьарияб квен, бежараб гьан, картошка, копчениял жал, маёнез ва кремовиял десертал. Зама-заманалдасан гьаре тІадецуй бахъулел къоял, гьединал къоязкванай овесалъул каша.

4. БакІ-бакІал гьорозе лъугьана. ТІоцебесеб иргаялда къимат кьезе ккола рекІее, бидурихьазул ва ургьисалабазул хІалтІуе. Балагье дурго кванил рационалъухъги. Кванилъ дагь гьабе цІам, цІакъго хехго лъамалъи дагь гьабизеги лъикІаб гьечІо. Гьороял лъугІизе кванай курак, бакъварабги бегьула, кишмиш, чамастанк, бананал, хурма, багІаргъоло, шпинат, гьаран. Гьел бечедал руго калиялдалъун ва гьелъ чорхолъ хІажат гьечІеб лъим чІезе толаро.

# ЦІияб выплата

Гьаб соналъул I януаралдаса нахъе Россиялда хІалтІизе буго цІияб выплата «Единое пособие». Гьелъ гьоркьоре рачуна пособиязул чанго батІияб вид. 2023 соналъул выплатаби кьей тІубазабула социалияб фонд цІияб ведомствоялъ.

Дагъистаналъул захІматалъул Министерствалъ республикаялъул гІадамазда лъазабулеб буго араб соналъул 28 декабралдаса нахъе кьезе бегьулаанин гьеб пособие кьеян гІарза. Дагъистаналда гьединаб рес щвезе буго 450 азарго хъизаналъе.

РакІалде щвезабулеб буго: гьеб выплата щвеялъе гІарза кьезе бегьула гьабсагІаталдаги Госуслугаялдасан.



# Устав уведомление

В соответствии с частью 6 статьи 4 Федерального закона от 21.07.2005 № 97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований» в государственный реестр уставов муниципальных образований Республики Дагестан 26.12.2022 за номером RU055340002022002 включены сведения Решения «О внесении изменений в Устав МО «Унцукульский район» от 15.11.2022 №42.

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса РФ, Администрация МО «с/с Балаханский» в лице зам. главы Тажбудинова А. А. сообщает о возможности предоставления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 13.01.2023 по 13.02.2023 года (включительно) в администрацию МО «с/с Балаханский» по адресу РД, Унцукульский район, с. Балахани,ул. Мусы Балаханского, 56. Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-теле-коммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: 1. Участок; кадастровый номер 05:35: 000025:675, площадь 420 кв. м., категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Моксох.

Арендная стоимость, установленная ООО «Институт профессиональной оценки, экспертиз и проектирования» – 2400 руб. в год.

Справки по телефону: 89224845854

**НУРМАГОМЕДОВ У. М.**
**Глава администрации МО «с/с Балаханский»**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 12. 2023 г. 13. 20 фактически -14. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.